



Pou Piblikasyon Imedya: 04/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLAN 13 MILYA DOLA POU TRANSFÒME JFK AN YON AYEWOPÒ KLAS MONDYAL 21ÈM SYÈK

De Nouvo Tèminal Entènasyonal Majè yo Pral Ajoute 4 Milyon Pye Kare sou Bò Nò ak Bò Sid Ayewopò a, Sa Ki Ap Ogmante Kapasite Ayewopò a de Omwen 15 Milyon Pasaje Chak Ane, epi Transfòme Eksperyans Vwayajè yo Soti nan Koub rive nan Pòtay

Investisman Istorik Ap Fè Vanse Plan Vizyon JFK Gouvènè a Pou Gen yon Ayewopò Modèn Inifye ki gen Ekipman Klas Mondyal pou Pasaje yo, Wout Taksi ak Kapasite Pòtay ki Elaji, Sekirite Modèn, Aksè nan Otowout ki Òganize ak Opsyon Transpò Sou Tè Ki Santralize yo - Gade Kontrandi yo [la a](#)

Premye Nouvo Pòtay yo Pral Operasyonèl an 2023 ak Achèvmman Pwojè a an 2025; 90 pousan nan Plan 13 Milya Dola a Repezante Investisman Prive

Sa Gen Ladan 30 pousan Objektif MWBE pou Enterè Kontra ak Finansman yo; Opòtinite Kominotè Entansif Ke Yo Pral Kreye yo, ki Gen Ladan Biwo Lokal pou Asiste nan Bay Kontra ak Plasman Travay yo ki gen pou Ouvri nan Jamaica sezon Otòn sa a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon plan 13 milya dola istorik pou transfòme Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy (John F. Kennedy International Airport, JFK) a an yon ayewopò 21èm syèk ki modèn ki ankre pa de nouvo batiman tèminal entènasyonal klas mondyal sou bò nò ak bò sid ayewopò a. Investisman rekò sa a — ki gen ladan 12 milya dola nan investisman prive — ap fè vanse vizyon Gouvènè a pou gen yon sistèm ayewopò ki inifye epi entèkonekte ak pi bon klas ekipman pou pasaje yo, opsyon transpò sou tèren ki santralize yo, ak otowout ki amelyore enòmman yo ki pral ogmante yon fason kolektif kapasite ayewopò a de omwen 15 milyon pasaje nan yon ane.

“Pandan ke lidè nan Washington yo ap pale sou investisman nan enfrastrikti, nou aktyèlman ap fè li nan nivo istorik, epi transfòmasyon Ayewopò JFK a an yon santral transpò 21èm syèk sa pral asire ke New York ap rete pòt antre nasyon an nan mond lan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Investisman istorik pou modènize Ayewopò JFK a ak rezo transpò ki alantou yo sa pral non sèlman fasilite vwayaj sou santral majè sa a,

men tou li pral asire ke JFK ap ranfòse antan ke youn nan pi bon ayewopò ki gen nan mond nan.”

“Nou konnen jan investiman nan enfastrikti yo ka pwisan kòm yon bourad pou ekonomi nou ak yon faktè pou kreyasyon travay”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Isit la nan New York, nou te transfòme eta nou an apati investisman rekò nan enfastrikti yo, espesyalman nan ayewopò nou yo. Dènye plan pou modènizasyon JFK sa a pral ajoute sou efò nou ap fè yo pou amelyore rezo transpò nan etablisman klas mondyal sa a, epi ranfòse eksperyans vwayajè yo.”

Plan Vizyon JFK Gouvènè an, ke yo te [devwale](#) inisyalman an Janvye 2017 epi ki baze sou rekòmandasyon Panèl Konseye Ayewopò Gouvènè an, mande pou gen yon pasemen nan melimelo espas ywit tèminal divèjan ayewopò a yo pou vin tounen yon Ayewopò JFK ki inifye apati demolisyon ansyen tèminal yo, itilizasyon espas ki vid yo, ak modènizasyon enfastrikti ki nan ayewopò a, pandan ke yo ap enkòpore ekipman ak inovasyon teknolojik ki pi modèn yo pou pasaje yo. Plan Vizyon an mande tou pou fè ogmantasyon nan kantite ak gwochè pòtay yo, amelyore disponiblite pakin yo, yon seri amelyorasyon nan wout taksi ki a kote yo pou pèmèt gen pi gwo avyon ak anbouteyaj ki redwi nan pòtay yo, modènize sistèm AirTrain JFK a pou ka jere kapasite pasaje ki ogmante yo, ak otowout ki ranfòse nan ak deyò ayewopò a. Sa gen ladan pi bon aksè nan JFK apati otowout rejyonal yo, patikilyèman wout Van Wyck Expressway ak Grand Central Parkway, ki gen ladan Kew Gardens Interchange.

Anons jodi a rive apre [seleksyon](#) yon ekip planifikasyon prensipal an Septanm 2017 pou fè redevlopman ayewopò a, ki dirije pa Mott MacDonald and Grimshaw Architects, epi ke dosye pòtfèy pwojè planifikasyon ak redevlopman prensipal anvan yo gen ladan ayewopò ki nan London, Sengapou, Hong Kong, Kore Sid, Almay, Lawoland, Kanada ak Ostrali. Apati ane pase, Otorite Pòtyè nan New York ak New Jersey yo (Port Authority of New York and New Jersey), ki ap sipèviz Ayewopò JFK a, te anbake sou yon pwosesis entansif epi rigoure ansanm ak operatè sis tèminal aktyèl ayewopò a yo — chak ladan yo ap opere sou yon akò kontra alontèm — pou chèche pwopozisyon nan men yo chak pou ka modènize, elaji epi/oswa ranplase etablisman yo. Yon ekip analis konparatif fòmèl, ki te konpoze de ekspè sezyone yo, te an retou evalye powpozisyon sa yo pa rapò a yon seri kritè ke yo te etabli pou detèmine pi bon konbinezon devlopman yo ki ta pral akonpli objektif plan prensipal santral yo, epi tou byen itilize angajman plan kapital 1 milya dola ki te apwouve anvan sa pa Otorite Pòtyè yo. Yo pral soumèt kounye a plan pou de tèminal ke yo te anonse jodi a yo bay Komite Komisè (Board of Commissioners) Otorite Pòtyè yo. Yon fwa ke tèm kontra yo fin finalize, kontra yo pral sijè a apwobasyon final Komite a. Diskisyon adisyonèl ak divès liy ayeryèn ak operatè tèminal yo toujou ap kontinye pou ka fè vanse pi plis objektif Plan Vizyon an.

Nouvo etablisman pou pasaje yo pral gen ladan yo espas atant ki pi laj yon nivo konsiderab ak plafon ki wo yo, limyè natirèl ak achitekti modèn konbine ak espas ekolojik entèn, ekspozisyon ak èv atistik ki gen atis ikonik revolisyone ak lokal New York yo. Lavant an detay klas mondyal, restoran ak bar yo pral enkli retoratè ki baze sou plan lokal yo, opsyon bwason atizanal yo ak magazen Taste NY yo. Wi-Fi gratis a wot vitès ak yon abondans estasyon rechaj toupatou nan tèminal yo pral pèmèt pasaje yo rete konekte pandan chak etap nan vwayaj yo.

Amelyorasyon teknolojik modèn yo pral fè pati modènizasyon nan tèminal yo, ak ranfòsman sekirite - tankou deteksyon radyasyon ak pwochèn jenerasyon idantifikasyon malèt ki abandone yo.

Nan sant ayewopò a, Otorite Pòtyè yo pral chèche pwopozisyon pou devlope nouvo santral Kennedy Central, nan fè soti yon Apèl pou Enfòmasyon (Request for Information) nan mwa ki ap vini yo pou ka detèmine fason ki pi efikas epi fonksyonèl pou ka byen itilize espas ki vid sa nan yon modèl ki pral konplèman epi ajoute valè sou eksperyans ayewopò a. Opsyon yo ka enkli, men yo pa limite a, espas piblik ak rekreyatif ki ouvri yo, sant konferans yo, itilizasyon kiltirèl ak lòt ekipman yo pou piblik ki ap vwayaje an ak mendèv ayewopò a.

De nouvo Sant Akèy JFK ki sitiye santralman yo pral sèvi kòm pwen aksè ki komòd pou taksi, bis, veyikil lokasyon yo ak espas pakin.

De Nouvo Tèminal Klas Mondyal Ki Ap Ankre nan Bò Sid ak Bò Nò

Nouvo tèminal pou 7 milya dola, ki mezire 2.9 milyon pye kare ke yo pwopoze a nan bò sid ayewopò a pral devlope pa Terminal One Group, yon konsòsyòm ki gen kat liy ayeryèn entènasyonal —Lufthansa, Air France, Japan Airlines and Korean Air Lines. Plan yo mande pou gen ranplasman Tèminal 1 JFK a (ki date de 20 ane epi ki pa itilize anpil), ke gwoup lan aktyèlman ap opere, ak Tèminal 2 JFK a (ki date de 56 ane epi ki fonksyonèlman obsolèt), menm jan ak zòn ke yo te kite vid lè Tèminal 3 a te demoli an 2014.

Lè li fin konplete, li pral totalize yon ogmantasyon nèt de plis pase 2 milyon pye kare nan tèminal aktyèl yo epi bay 23 pòtay entènasyonal, 22 ladan yo pral elabore pou ka akomode pi gwo avyon ki gen konpatiman laj yo (Avyon FAA Konsèp Gwoup V oswa VI) tankou avyon Boeing 787 Dreamliner oswa Airbus A380, ki ap bay plas pou plis pase 500 pasaje.

Nouvo tèminal lan pral gen ladan omwen 24 liy evalyasyon sekirite yo, plis pase 230,000 pye kare lavant an detay, espas dine ak lòt konsesyon yo, 116,000 pye kare salon liy ayeryèn yo, ak 55,000 pye kare espas ekolojik entèn, espas pou timoun yo jwe ak ekspozisyon kiltirèl yo. Batiman an pral jere pa Munich Airport International epi konekte tou ak Tèminal 4 aktyèl lan, ki te ouvri inisyalmman an 2001 epi ki te elaji de fwa depi lè sa a, pi resamman an 2013.

Nan bò nò ayewopò a, nouvo tèminal 3 milya dola ke yo pwopoze a, ki mezire 1.2 milyon pye kare pral devlope pa JetBlue. JetBlue planifye demoli Tèminal 7 la (ki date de 48 ane, ki twò piti, epi ki fonksyonèlman obsolèt) epi konbine li ak espas vid kote Tèminal 6 lan te demoli a an 2011 pou ka kreye yon batiman tèminal entènasyonal klas mondyal ki ta pral konekte ak Tèminal 5 aktyèl liy ayeryèn nan, epi okipe pa liy ayeryèn nan ak divès patnè li yo ki aktyèlman ap gaye toupatou nan ayewopò. Tèminal 5 lan te ouvri an 2008 epi li se pi nouvo nan sis tèminal aktyèl JFK yo.

Nouvo tèminal sa a pral gen 12 pòtay entènasyonal, yo tout pral kapab akomode avyon ki pi gwo, ki gen konpatiman ki laj yo. Li pral genyen 74,000 pye kare espas lavant an detay, 30,000 pye kare espas salon liy ayeryèn yo, ak 15,000 pye kare espas rekreyatif yo.

Yo prevwa ke konstwiksyon yo pral kòmanse an 2020 ak premye nouvo pòtay yo ki pral ouvri an 2023 ak achèyman konsiderab ke yo prevwa pou 2025.

Yo pral alwe yon 2 milya dola adisyonèl nan finansman prive ki pa soti nan Otorite Pòtyè yo pou yon seri modènizasyon nan enfrastrikti ki enpòtan anpil ki ap poze fondasyon pou nouvo tèminal klas mondyal sa yo.

“Tèminal klas mondyal ak pi bon klas sèvis kliyantèl yo pral mache men nan men nan Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy a sou lidèchip Gouvènè Cuomo”, **Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a Rick Cotton te deklare.** “Ayewopò JFK ki reyamenaje, modènize a pral pòt prensipal ke moun New York yo merite, sa ki ap pèmèt kwasans kantite pasaje ki ap kontinye nan dekad ki gen pou vini yo.”

Ayewopò JFK a se youn nan motè ekonomik ki pi pwisan nan rejyon an yo, ki ap sipòte prèske 300,000 pòs travay ki peye 16.2 milya dola nan salè chak ane pandan ke yo ap jenere 45.7 milya dola nan lavant anyèl yo. Ayewopò a te etabli yon rekò de prèske 60 milyon pasaje an 2017 epi li prevwa resevwa 75 milyon pasaje apati 2030. Ansanm, nouvo tèminal yo estime ke yo pral kreye plis pase 9,600 pòs travay dirèk, ki gen pami yo travay konstwiksyon yo ak plis pase 15,000 pòs travay total pandan dire pwojè a.

Amelyorasyon Otowout yo Nan Ayewopò a ak Deyò Ayewopò a

Deyò batiman tèminal JFK yo genyen tou yon nesosite pou senplifye sistèm otowout ki tankou espageti an epi pèmèt pou gen aksè ki pi rapid nan tout tèminal yo pou machin prive yo, taksi yo, veyikil ki pataje yo ak lòt veyikil lokasyon yo, epi tou rekonfigire espas pakin yo pou asire opsyon alontèm ak akoutèm yo aksesib pi fasilman.

Plan yo mande pou zòn tèminal yo relye pa de “wout koub” prensipal, yon wout an won nan nò ak yon wout an won nan sid, ki pral fè li vin pi fasil pou antre epi sòti nan ayewopò a pandan ke yo ap bay aksè ki pi fasil yon nivo konsiderab a zòn batiman tèminal yo nan bò nò ak bò sid ayewopò a.

Deyò Ayewopò a, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York lan te sible 1.5 milya dola nan amelyorasyon nan otowout yo ki te elabore pou redwi wout koub yo, patikilyèman nan wout Kew Gardens Interchange ak Van Wyck Expressway ak sou Van Wyck ki notwa pou anbouteyaj tou. Objektif lan se pou ede redwi tan vwayaj pou veyikil yo ant mitan vil Manhattan ak ayewopò a.

Konstwiksyon yo te retade pou kòmanse pi devan nan ane sa a sou amelyorasyon yo pou ka elimine kondisyon wout koub yo ki nan wout Kew Gardens Interchange - ki te konstwi inisyalman nan ane 1930 yo - ak Grand Central ak Van Wyck Expressway. Li toujou genyen yon seri ranp ki pa reponn a estanda aktyèl yo, epi amelyorasyon yo prevwa yo pral fin konplete apati fen ane 2022.

Sou wout Van Wyck lan li menm, vwayaj 7 kilomèt ant Kew Gardens Interchange ak Ayewopò JFK a ka pran plis pase trant minit pandan orè chaje yo. Pou ka amelyore sityasyon an, DOT a ap planifye pou konstwi yon katyèm wout nan toulède direksyon yo, ki ta pral limite a veyikil pasaje yo ki gen twa moun oswa pi plis ak veyikil lokasyon yo ki gen omwen yon pasaje. Pwosesis apwobasyon anviwònmantral la ap vanse epi li

prevwa fini nan kòmansman 2019, ak konstwiksyon yo ki retade pou kòmanse nan fen 2019 epi fini apati fen 2024.

Pa rapò a sikilasyon masif yo, Otorite Pòtyè yo pral ap ajoute 50 pousan kapasite sou sistèm AirTrain JFK a epi tou ogmante frekans sèvis yo pou kenpe menm ritm ak demann ki ap ogmante yo. Plis pase 7.6 milyon pasaje ki peye te itilize sistèm lan an 2017, ak yon lòt 12.6 milyon an plis ki ap monte ladan pou konekte ant tèminal yo ak aksè a transpò sou tè yo. An plis, nan Jamaica Station, Long Island Rail Road ap konstwi yon nouvo platfòm pou 12 machin ki pral ogmante kapasite pou sila yo ki ap vwayaje pou ale epi soti nan JFK.

Opòtinite pou Kominote Lokal la

Gouvènè a te anonse tou kreyasyon Konsèy Konseye Kominotè Redevlopman JFK a, ki konpoze de otorite ki eli yo, komite kominotè yo, òganizasyon san bi likratif yo, òganizasyon sivik yo ak lidè eklezyastik yo. Konsèy lan pral prezide pa Prezidan Awondisman Queens lan Melinda Katz ak Manm Kongrè Ameriken an Gregory Meeks, epi li pral travay ansanm ak Otorite Pòtyè yo pou ka elaji efò sansibilizasyon kominotè yo ki deja ap vanse, asire ke pwojè anbisyè sa a solisite enpresyon ki ap kontinye nan men pati ki konsène sou plan lokal yo epi tou bay opòtinite konsiderab pou biznis lokal yo, biznis MWBE yo ak moun ki ap chèche travay yo. Sa gen ladan yon angajman anvè objektif 30 pousan itilizasyon MWBE yo ki ap mennen nan nasyon an ke Gouvènè a genyen, ki aplike pou kontra yo menm jan ak enterè finansye yo. Yon biwo kominotè pou pwojè a pral ouvri nan Jamaica, Queens pi devan nan sezon otòn sa a, sa ki ap bay aksè ki pi fasil pou antrepriz yo ki ap chèche opòtinite biznis menm jan ak abitan lokal yo ki ap chèche travay.

Robin Hayes, ki se Ofisye Egzekitif An Chèf nan JetBlue, te deklare, “Antan ke liy ayeryèn natif natal New York, JetBlue te bay kontribisyon pa li nan transfòmasyon Ayewopò JFK a depi apre premye vòl nou 18 ane de sa. Pou ajoute sou reyisit Tèminal 5 JFK JetBlue ki te ranpòte prim nan, nou espere kreye yon eksperyans ayewopò klas mondyal ki pi inifye atravè Tèminal 5, 6 ak 7 epi reyalize vizyon Gouvènè Cuomo a pou gen yon eksperyans ki transfòmasyon nan JFK”.

Arthur Molins, ki se Direktè Prensipal nan Terminal One Group, te deklare, “Nou ekstrèmman rekonesan poutèt sipò Gouvènè a ak Otorite Pòtyè yo pliske nou te fè patenarya ak yo pou ka retounen mete Ayewopò JFK a nan yon kondisyon klas mondyal. Nou espere fè vizyon sa a vin tounen yon reyalite”.

Manm Kongrè Gregory W. Meeks te di, “Anons jodi a ke Gouvènè Cuomo te fè a se yon devlopman ki byenvini ki di anpil sou lidèchip administrasyon li an. Transfòmasyon JFK a an yon ayewopò entènasyonal modèn pou 21èm syèk lan li pi pre rive ke jan nou ka imajine, epi li pral enklizif nan divès fason ki krisyal pou reyisit pwojè a ak avansman kominote a. Pwojè masif sa a pral kreye kwasans travay rejyonal, espesyalman nan Queens Sidès ak kominote ki alantou yo, menm jan ak nouvo inisyativ biznis pou MWBE ki kalifye yo”.

Prezidan Awondisman Queens la, Melinda Katz te deklare, “Reyamenajman Jonh F. Kennedy ki koute 13 milya dola a pral enstrimantal nan asire kwasans ak devlopman ekonomik ki ap kontinye atravè Queens. Yon pwojè ki nan anplè sa a pral pote anpil

opòtinite nan kominote Queens Sidès lan, epi tou ankouraje investisman adisyonèl ki soti nan Eta a”.

Senatè James Sanders Jr. te deklare, “Redevlopman JFK a gen potansyèl pou bay anpil gwo opòtinite, epi mwen vle asire ke opòtinite sa yo benefisye tou a sila yo ki ap viv pi pre ayewopò a. Nou espere jwenn yon Akò Avantaj Kominotè ki ap solidifye angajman eta a anvè abitan Queens Sidès yo, epi nou kontan anpil pou objektif 30 pousan pou bay kontra a Antrepriz Minoritè ak Sa Fanm Posede yo (Minority and Women-Owned Enterprises, MWBE), epi mwen espere ede Gouvènè a ak Otorite Pòtyè yo atenn objektif sa a”.

Senatè Joseph P. Addabbo Jr. te deklare, “Antan ke ayewopò ki pi chaje nan Vil New York, demann pou yon ayewopò ki ka akomode kantite pasajè ki etabli rekò yo chak ane li wo, epi investisman sa a se prezizeman sa ki nesèsè pou ka fè vizyon sa a vin yon reyalyte. Modènizasyon sa yo pral fè yon diferans reyèl nan lavi moun New York yo ki ap frekante JFK a, ansanm ak pou vizitè yo ke premye enpresyon yo sou eta a se moman ke yo mete pye yo deyò avyon an. Mwen te viv tou pre ayewopò a pandan tout lavi mwen, epi mwen konpran enpòtan li genyen pou ekonomi lokal ak kwasans travay nou. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo poutèt li kenbe pwomès li te fè pou amelyore enfrastrikti nou yo epi devlope ekonomi New York lan”.

Senatè Todd Kaminsky te deklare, “Nouvo JFK a, ak ajou de espas tèminal klas mondyal yo, pwomèt yon eksperyans vwayajè ki amelyore, ak pi bon aksè a liy ayeryèn yo, tèminal yo, ak transpò piblik yo. Antan ke youn nan ayewopò ki pi chaje yo, amelyorasyon sa yo enpòtan anpil pou transfòmasyon ayewopò a, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li reyalyze li ak 90 pousan investisman prive, sa ki ekonomize lajan kontribiyab yo nan pwosesis lan”.

Manm Asanble a Alicia Hyndman te deklare, “Gouvènè Cuomo te konstaman ap fè investisman konsiderab nan enfrastrikti New York yo, epi li te kontinye fè sa ak anons JFK jodi a. Nou kontan anpil dèske plan transfòmatif sa a pral bay New York ayewopò klas mondyal ke li merite a. Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt angajman li pran anvè kominote nou an ki afekte dirèkteman pa redevlopman sa a. Mwen espere wè enfrastrikti modènize yo, epi mwen espere wè nouvo JFK a”.

Manm Asanble a Clyde Vanel te deklare, “Plan Vizyon JFK a pou kreye tèminal ki inifye, ki entèkonekte yo sou bò nò ak bò sid yo nan ayewopò pòt prensipal sa a li enpòtan anpil pou fè revolisyon nan fason ke vwayajè yo eksperimante vizit yo oswa depa yo nan New York. Sa se eleman kle pou non sèlman bay bourad a ekonomi New York lan, men tou pou atire vwayajè ak vizitè yo nan eta a pou vin eksperimante santral transpò klas mondyal sa a pou jenerasyon ki gen pou vini yo”.

Manm Asanble a Michaelle C. Solages te deklare, “Anons eksitan sa a enpòtan anpil pou pote enfrastrikti Vil New York yo nan 21èm syèk, sa ki ap akomode kwasans dramatik ke ayewopò sa a te wè chak ane. Plan transfòmasyonèl lan pral kenbe ekonomi New York lan ap vanse nan dekad ki gen pou vini yo”.

Mario Cilento, ki se Prezidan AFL-CIO Eta New York la te di: “Investisman istorik Gouvènè a pral non sèlman transfòme Ayewopò John F. Kennedy a an yon santral

transpò klas mondyal, li pral kreye plizyè santè pòs travay sendika nan konstwiksyon ki byen peye yo. Sa se egzaktman modèl angajman ke nou bezwen pou ka ede sipòte fanmi ki ap travay yo, devlope klas mwayèn nan epi bay bourad a ekonomi nou an”.

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon ak Batiman Rejyon Metwopolitèn New York (Building and Construction Trades Council of Greater New York), te deklare, “Redevlopman JFK a santral nan bay yon eksperyans kliyantèl klas mondyal. Ak plis pase 60 milyon pasaje ki ap vwayaje atravè JFK chak ane, ayewopò a bezwen yon pasemen. Aksè, tèminal, otowout ak etablisman kagezon yo nan ayewopò a yo pral resevwa atansyon ke yo merite pou ka fè JFK vin etablisman klas mondyal ke li ta dwe ye a, pandan ke yo ap kreye travay sendika nan konstwiksyon yo pou moun New York ki ap travay di yo epi konstwi yon klas mwayèn ki pi djanm”.

Héctor Figueroa, Prezidan 32BJ SEIU, te deklare, “Pou vin fè swit a vòt istorik Otorite Pòtyè yo pou adopte yon salè minimòm 19 dola, anons JFK Gouvènè Cuomo a reprezante yon lòt investisman istorik nan ayewopò nou yo. Non sèlman plan Redevlopman JFK a pral amelyore eksperyans vwayaj pou sila yo ki ap vwayaje nan New York yo nan ofri ekipman klas mondyal yo, men tou li pral bay opòtinite travay ak biznis konsiderab yo pou abitan nan Queens Sidès yo. Renovasyon 13 milya dola a pral transfòme JFK an yon etablisman klas mondyal 21 èm syèk”.

Stuart Appelbaum, ki se Prezidan RWDSU ak Vis Prezidan Global Gateway Alliance te deklare, “Fason ke JFK a konfigire aktyèlman an pa fonksyone -- tèminal yo te konstwi jan sa nesèsè sou 70 dènye ane yo, sa ki kreye yon ayewopò ki divize. Pandan ke JFK kontinye vanse pi pre kapasite li, li esansyèl pou nou ofri pi bon aksè a tèminal yo, epi bay yon konsèp ki pi inifye pou ayewopò a gòbalman”.

George Miranda, ki se Prezidan, International Brotherhood of Teamsters Airline Division, te deklare, “Plan Vizyon JFK a pral transfòme JFK a an yon ayewopò klas mondyal, inifye, ki entèkonekte. Li klè ke amelyorasyon sa yo nan bò nò ak bò sid ayewopò a yo esansyèl nan objektif pou ka jere kwasans ke yo prevwa nan kantite pasaje yo sou 30 pwochè ane yo”.

Kathryn Wylde, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral pou Partnership for New York City, te deklare, “JFK te pandan lontan ayewopò yo redoute a nan New York, ki gen ekipman demode, navigasyon ki konfi, ak aksè ki difisil an deyò a. Investisman sa a se yon angajman san presedan nan modènizasyon enfrastrikti nou yo epi ki ap asire ke moun New York ak vizitè yo pral gen eksperyans vwayaj 21èm syèk ke yo te atann yo a resevwa yo. Mwen felisite Gouvènè a poutèt lidèchip li sou pwojè sa a epi poutèt li kontinye investi nan avni New York”.

Carlo A. Scissura, Esq., Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral, New York Building Congress te deklare, “Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap konstwi pi gwo epi pi byen ke anvan. Redevlopman transfòmasyonèl JFK a pral sipòte kwasans ekonomik, kreye travay epi bay yon ayewopò klas mondyal ki nan kalib ke moun New York yo merite. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo poutèt vizyon ak lidèchip li”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)